

Ou ap Fè eksperyans yon pwoblèm Sèvis PBGC pa rezoud?

Nòt: Lyen yo ka mennen ou nan yon paj wèb an Anglè

Si ou te rele oswa ekri PBGC plizyè fwa epi ou pa te resevwa yon repons, tanpri kontakte Ofisye Rezolisyon Pwoblèm PBGC pou Patisipan yo.

Rele: [1-800-400-7242 ext. 4014](tel:1-800-400-7242)

E-mail: participant.pro@pbgc.gov

Adrès Lapòs

PBGC Problem Resolution Officer (Participants)

445 12th Street SW

Washington, DC 20024-2101

Deklarasyon Lwa Sou Enfòmasyon Prive

Lwa sou enfòmasyon Prive (Privacy Act) 1974 la, jan yo te amande la, 5 U.S.C. § 552a mande PBGC pou ba ou avi sa a lè y ap kolekte enfòmasyon nan men ou. PBGC itilize enfòmasyon nou kolekte isit la, ki gen ladan non ou, enfòmasyon sou kontak ou, ak rezon pou kontakte PBGC, pou idantifye ou nan sistèm PBGC ak kontakte ou an repons ak demann ou an. Repons ou an volontè. Sepandan, Si ou pa bay PBGC enfòmasyon yo, ki gen ladan non ou, enfòmasyon kontak ou, ak rezon pou kontakte PBGC, sa ka retade oswa anpeche PBGC kontakte ou.

PBGC ka lage enfòmasyon sou ou bay lòt moun ak antite lè sa nesèsè ak apwopriye dapre seksyon 5 U.S.C. § 552a (b) nan Lwa sou enfòmasyon prive a, ki gen ladan moun ki gen kontra ak PBGC ki ap jere demann kliyan yo; pou konfòme yo anba lwa Federal ki mande divilge enfòmasyon ki nan dosye nou yo; pou fasilite rechèch estatistik, ak odit oswa zafè investigatif(ankèt).

PBGC ka bay enfòmasyon tou sou ou pou ajans lapolis federal, lapolis leta, lapolis lokal oswa lapolis tribal lè PBGC vin okouran de yon vyolasyon posib sou lwa sivil oswa lwa kriminèl. Si PBGC, yon anplwaye nan PBGC, Etazini, oswa yon lòt ajans Ozetazini, ki enplike nan litij, PBGC ka bay enfòmasyon ki enpòtan sou ou nan yon tribinal oswa lòt

kò jidisyè oswa nan Depatman Jistis lè li reprezante PBGC. PBGC ka bay enfòmasyon tou sou ou nan Biwo Jesyon ak Bidjè an koneksyon avèk revizyon sou lejislasyon sou èd prive oswa nan yon biwo Kongrè an repons a yon ankèt ke biwo a fè sou ou sou demann ou an. Enfòmasyon sa a ka divilge tou pou nenpòt nan woutin jeneral PBGC a itilize jan yo pibliye sa nan Rejis Federal la.

PBGC pibliye avi nan Rejis Federal la ki dekri an plis detay lè enfòmasyon sou ou ka disponib pou lòt moun. Ou ka jwenn Yon kopi avi Rejis Federal ki pi resan sou entènèt nan [PBGC.gov/privacy](https://www.pbgc.gov/privacy).